

Sant Akouchman Cambridge

Sonje ti bebe'w la ap fèt nan yon anviwònman ki san danje epi ki tankou lakay ou. Ou pral gen sipò enfimyè-fanmsaj ki sètifye yo.

Akouchman se youn nan evènman ki pi enpòtan nan lavi. Anpil fanmi chwazi pou yo fè li nan yon mwayen ki natirèl. Anpil moun chwazi pou yo akouche ak èd ekspè nou yo tankou enfimyè-fanmsaj yo, enfimyè yo ak doula yo.



Sant Akouchman Cambridge

Sant Akouchman Cambridge la tabli nan yon kay ki pa lòtbò Lopital Cambridge la. Li ranje yon fason ki atiran, akeyan epi li genyen twa sal akouchman ak gwo kabann ladan yo. Gen gwo basen tou pou pandan tranche epi pou moun ki vle akouche nan dlo. Nou gen radyo pou jwe CD, yon sal pou fanmi, yon salon, ak yon jaden prive. Genyen tou yon elevatè, yon libreri, epi yon gwo kwizin kote fanmi yo ka fè pwòp manje pa yo.

Gen yon etid pandan dizan nan tout nasyon an ki dekouvri ke sant akouchman yo san danje pou manman ak ti bebe a. Pi fò moun yo satisfè anpil de swen yo resewva yo. Enfimyè-fanmsaj sètifye nou yo te resewva antrenman epi yo gen eksperyans nan obstetrik. Doktè OB/GYN nan Cambridge Health Alliance yo sipòte enfimyè-fanmsaj yo.

Sant Akouchman an ofri tou sèvis pou pasyan ki pa entèn yo nan premye etaj la. Gen twa chanm konsiltasyon la.

Fanmsaj ak anplwaye nan Sant Akouchman an yo pale Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Fransè, Pòtigè, ak Kmer. Sa montre pakèt kilti ke nou sèvi yo. Nou gen Entèprèt pou lòt lang yo.

Pami Sèvis nou yo nou ka site:

- Swen Fanm saj
- Tranche, akouchman, ak swen apre akouchman
- Edikasyon pou fanm ki ansent
- Sipò pou bay tete
- Swen anvan akouchman
- Sèvis Doula
- Gwoup sipò pou nouvo manman yo
- Swen jinekoloji ak swen planin familyal

Fanm Saj nou yo:

- Sansib anpil pou pasyan yo
- Kreye yon anviwònman ki konfòtab epi ki an sekirite pou tout kalite akouchman natirèl
- Pran swen fanm tout laj
- Antrene kòm enfimyè an menm tan kòm fanmsaj
- Yo sètifye pa Kolèj Ameriken pou Enfimyè-Fanmsaj epi yo lisansye kòm Enfimyè pratik avanse
- Pran swen fanm pandan gwosès, tranche, ak akouchman
- Antrene nan metòd natirèl pou akouchman yo.
- Se ekspè konseye sou bay tete

Ou pa bezwen ansent pou w wè yon fanm saj! Nou ofri tou:

- Egzamen anyèl ak egzamen vajinal
- Planin familyal
- Konsèy sou fè bagay san danje
- Tretman pou STDs (maladi ki transmèt nan fè bagay)



Konsènan Enfimyè yo

- Nou gen anpil ane eksperyans
- Nou edike epi pran swen manman ansent yo pandan tranche ak akouchman
- Nou founi swen apre akouchman pou fanmi jiskaske yo pare pou yo al lakay yo

Konsènan Doula yo

- Nou sipòte manman ki ansent lan ak manm fanmi yo
- Nou antrene pou ede fanm yo menm jan yon manman oubyen yon sè te ka fè sa
- Nou sipòte nouvo manman yo nan aktivite bay bebe tete
- Nou pale anpil diferan lang.
- Nou travay nan ni Lopital Cambridge la ni nan Sant Akouchman an



Sa pasyan nou yo di:

"Fanm saj mwen an toujou gen tan pou kesyon ak enkyetid mwen yo. Li te ede mwen jwenn konfidans ak fasilite pandan gwosès mwen an."

"Anplwaye nan Sant Akouchman an yo san parèy, yo pran ka moun, yo sansib, epi toujou pwofesyonèl – se yon kote espesyal."

"Mwen pa ta ka pi kontan pase sa pou swen mwen te resevwa nan Sant Akouchman an."

"Atansyon mwen te resevwa pèsoneleman nan Sant Akouchman Cambridge la te fè eksperyans mwen an mèveye. Se poutèt sa m'ap fè'l ankò."

"Mwen pa ka imajine pase nan tranche ak akouchman ankenn lòt kote. Gwoup anplwaye Sant Akouchman an yo pa gen parèy."

"Sant Akouchman an te sipòte tout fanmi mwen tankou mari mwen, pitit gason mwen an ak mwen menm. Yo founi nou yon kote tankou yon dezyèm kay."



Asirans

Nou aksepte pifò plan sante yo tankou Tufts, Blue Cross ak Harvard Pilgrim. Mass Health kouvri swen yo tou.

Lokasyon ak Lè yo

Cambridge Birth Center
10 Camelia Avenue
Cambridge, MA 02139
617-665-2229

Lendi: 9:00 di maten – 5:00 nan apremidi
Madi: 9:00 di maten – 5:00 nan apremidi
Mèkredi: 9:00 di maten – 5:00 nan apremidi
Jedi: 12:00 nan apremidi – 7:00 nan apremidi
Vandredi: 9:00 di maten – 5:00 nan apremidi

*Sonje ti bebe'w la ap fèt
nan yon anvivōman ki san danje
epi ki tankou lakay ou.
Ou pral gen sipò enfimyè fanmasaj
ki sètifye yo.*

SANT AKOUCHMAN CAMBRIDGE

HAITIAN CREOLE



Christley Harris, CNM

Sant Akouchman Cambridge

Cambridge Birth Center
10 Camelia Avenue
Cambridge, MA 02139

617-665-2229

www.cambridgebirthcenter.org



HARVARD MEDICAL
SCHOOL TEACHING
AFFILIATE

GR05-443-BirthC-
HAITIAN CREOLE



HARVARD MEDICAL
SCHOOL TEACHING
AFFILIATE

La Casa de Nacimiento de Cambridge es un programa de Cambridge Health Alliance. Es completamente acreditado por La Asociación Americana de Centros de Nacimiento. Cambridge Health Alliance es un sistema de cuidado de la salud con tres hospitales y más de veinte centros de atención primaria. Ellos se encuentran en Cambridge, Somerville y las comunidades metro-norte de Boston.